Ohio Chapter
INCORPORATED IN OHIO
American Academy of Pediatrics
DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

Ohio Department of Health

KISA M KA FÈ LÈ TRETMAN AN VIN DIFISIL?

RATE MEDIKAMAN RIVE PI SOUVAN PASE SA OU PANSE

Si pitit ou a rate medikaman, tretman, randevou, oswa egzèsis terapi, fanmi ou pa poukont li.

Woutin medikaman yo enpòtan, men yo ka difisil tou.
Bon nouvèl la se ti chanjman ak konvèsasyon onèt ki ka fè yon gwo diferans.

PALE AVÈK EKIP SWEN SANTE W LA

Vini tou prepare pou pale sou pwoblèm medikaman ou ak founisè ou a.

Konsidere kesyon sa yo anvan randevou ou:

- Ki pati nan woutin nan ki pi difisil kounye a?
- Èske gen moman nan jounen an ki pi bon pou ou?
- Ki sipò ki ta ka fè sa pi fasil?
- Èske estrès oswa fatig pwofesyonèl afekte woutin ou?
- Kisa pitit mwen an pa renmen pi plis nan tretman an?
- Ki sa ki ede fanmi nou sonje?
- Ki sa ki fè pran medikaman pi difisil nan lekòl oswa avèk zanmi?
- Ki objektif ki pi enpòtan pou fanmi nou?

Kesyon sa yo ka itil pou poze nan randevou ou a:

- Nou santi nou akable; ki lide ou genyen pou ede nou?
- woutin aktyèl nou an pa mache; èske ou gen kèk sijesyon?
- Nou pa kapab peye medikaman sa a; èske gen yon altènatif?
- Pitit mwen an rayi pran medikaman sa a; èske nou gen yon lòt opsyon?

OU PA POUKONT OU!

Gen anpil obstak pou swiv yon plan tretman tankou bliye dòz, orè chaje, santi w fristre, oswa efè segondè. Ide ki anba yo ka ede w swiv plan medikaman w lan pi fasil.

ESTRATEJI KI EDE W KENBE PLAN AN

- **Mete alam** oubyen rapèl sou telefòn.
- Asosye medikaman yo avèk **woutin ki deja egziste** yo tankou travay lakay oswa repa.
- Sèvi **avèk kalandriye**, tablo, oswa aplikasyon medikaman.
- Kenbe medikaman kote yo **fasil pou wè**.
- **Pataje responsablite** detanzantan avèk adolesan yo.
- **Kite timoun yo ede** rezoud pwoblèm lan.
- **Tcheke** regilyèman san kritik.

www.ohioaap.org • 614-846-6258

@OHPediatricians • AAPOhio • OhioAAP • @OhioAAP • ohioaap